



Non fanmi elèv la,

Dosye Nim.

[illegible]



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Special Education Hearings Division

Enstriksyon – Lis temwen yo

Yon Lis temwen se yon dokiman kote ou fè lis tout temwen ou vle itilize nan Odyans selon pwosedi legal ou a.

Lè ou mete yon temwen nan lis sa a, sa pa vle di y ap kite ou otomatikman sèvi avèk li pandan odyans la. Lòt pati an gen dwa pa dakò ak yon temwen an patikilye. Ajan Odyans Enpasyal (Impartial Hearing Officer, IHO) ou a gen dwa limite ki temwen ou gen dwa itilize. Ou dwe pare pou eksplike sa chak temwen gen pou wè ak dosye w lan ak poukisa temwen an enpòtan pou dosye a.

Suiv enstriksyon sa yo pou ranpli Lis temwen w lan:

Antèt

Nan espas yo ki anba “Nan Zafè” mete non elèv la nan lòd sa a: Non fanmi, Prenon.

Sou bò dwat la, mete nimewo dosye 6 chif ou a.

Non temwen an

Nan kolòn sa a, mete prenon ak non fanmi temwen an. Mete tit li si li gen youn. Paregzanp, “Dtè. Jane Smith.”

Sa li ye pou elèv la

Nan kolòn sa a, dekri kijan temwen an konn elèv la oswa ki relasyon li genyen ak dosye w la. Paregzanp, li ta bon pou w mete:

- Tit moun nan (Newosikològ, Pwofesè, elatriye)
- Ki kote l ap travay (Direktris P.S. 13, Sikològ Lekòl, Òtofonis Prive, elatriye)
- Ane lekòl la(yo) kote li te konn travay ak elèv la (Pwofesè 5^{yèm} ane ; Terapis Okipasyonèl 2019-20)

Sijè temwayaj la

Nan kolòn sa a, mete lis sijè temwen an pral fè deklarasyon sou yo. Deskripsyon w lan ka kout. Bay kont enfòmasyon pou IHO w lan ka konprann si wi ou non deklarasyon temwen an gen pou wè ak dosye w lan e si wi ou non enfòmasyon l ap bay yo ap repete (menm ak) enfòmasyon lòt temwen. Gade egzanp yo pi ba a sou kijan pou ranpli seksyon sa a.

Kowòdone

Nan kolòn sa a, mete nimewo telefòn temwen an, adrès imèl li, ak adrès temwen an. Si ou pa konn enfòmasyon yo, mande temwen w lan. Apre sa, mete tout enfòmasyon ou kapab.



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS
Special Education Hearings Division

Tan ou estime temwayaj la ap pran

Nan kolòn sa a, mete kantite tan ou panse w ap bezwen pou poze chak temwen kesyon. Ou pa bezwen estime konbyen tan lòt pati an pral pran pou “entèwoje” temwen an. Mete kantite tan an, an minit.

Egzanp

Pi ba a w ap jwenn yon egzanp lis temwen ou ka itilize kòm gid.

EGZANP LIS TEMWEN

Non temwen an	Sa li ye pou elèv la	Sijè temwayaj la	Kowòdone	Tan ou estime temwayaj la ap pran
Patty Plaintiff	Manman	• Antesedan edikasyon espesyal elèv la • Reyinyon sou IEP yo • Kominikasyon avèk lekòl la • Sa k ap trakase paran an	5 Boroughs St. New York, NY 10000 Patty@internet.com	90 minit
Tina Teacher	Pwofesè Anglè 2020-2021	• Konesans sa elèv la bezwen • Mizanplas pwogram lekti • Rekòmandasyon	123 New Amsterdam St. New York, NY 10000 Tina@ELAteacher.com 212-555-5555	60 minit
Evelyn Evaluator	Newosikològ	• Konesans sa elèv la bezwen • Evalyasyon newosikolojik 2021	1625 Big Apple Ave. New York, NY 10000 Eveyn@evals.com 646-555-5555	45 minit